

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Motivasi mangrupa salah sahiji faktor nu mangaruhan kana hasil diajar murid. Dina kagiatan diajar di jéro kelas katitén ayana reaksi murid nu béda-béda, dina narima tugas jeung materi pangajaran nu dibikeun ku guru. Aya sabagéan murid nu langsung kataji sarta mikaresep kana topik-topik pelajaran nu diwanohkeun ku guru, tapi aya ogé sabagéan murid nu narima ku rasa kesel jeung pasrah, sarta aya ogé murid anu bener-bener nolak pikeun diajar. Henteu jarang kapanggih di kelas murid ngalakukeun kagiatan diajar sabab sieun ku guruna, murid-murid ngamanipulasi tugas-tugasna supaya henteu hararésé ngerjakeun tugas tapi tugas bisa réngsé ku cara niron atawa *copy paste*. *Murid teu boga minat kana naon nu diajarkeun ku guru tapi manéhna dikudukeun diajar, hal éta bisa ngadatangkeun dina diri murid rasa ngéwa kana mata pelajaran éta sarta saterusna murid moal daék diajar deui.* Thomas L. Good dina Elida (1989). Di jéro kelas urang tangtu sok ngareungeu lamun aya murid nu ditanya ngeunaan mata pelajaran nu teu dipikaresep “Kuring teu mampuh diajar basa Sunda” atawa “Kuring teu resep diajar basa Sunda” Upama ditaliti masalahna lain guru mata pelajaran nu teu ngagunakeun strategi cukup ampuh dina nyanghareupan murid, tapi murid nu teu kataji pikeun diajar sabab teu boga motivasi diajar.

Anderson, C.R. jeung Faust, G.W, dina Elida (1989) nétélakeun yén *motivasi dina diajar bisa ditingali tina karakteristik paripolah murid anu ngait kana minat, perhatian, konsentrasi sarta katekunan. Murid nu boga motivasi luhur dina diajar ningalikeun minat nu gédé jeung perhatian nu sagemblengna kana tugas-tugas diajar, maranéhna leuwih museurkeun energi fisik atawa psikis kana kagiatan, teu ngenal rasa bosan, komo deui pasrah. Sabalikna dina diri murid nu boga motivasi handap*

maranéhna ningalikeun rasa hoream, babari bosen sarta usaha ngajauhan tina kagiatan diajar. Hakékat motivasi diajar nya éta dorongan internal jeung eksternal dina diri murid nu keur diajar pikeun ngayakeun parobahan paripolah dina umumna aya sababaraha indikator nu nyangking : (a) Ayana hasrat jeung hayang berhasil; (b) Ayana dorongan jeung kabutuhan dina diajar; (c) Ayana harepan jeung cita-cita pikahareupeun; (d) Ayana panghargaan dina diajar; (e) Ayana kagiatan nu matak kataji dina diajar; (f) Ayana lingkungan diajar nu kondusif nu nyababkeun hiji murid bisa diajar bener.

Motivasi diajar bisa datang ku sabab aya faktor intirinsik, nu mangrupa hasrat atawa kahayang jeung dorongan diajar, pikeun ngahontal cita-cita. Motivasi intirinsik eusina nya éta (a) Nyaluyukeun pancen jeung minat, (b) Rencana nu sagemblengna pinuh ku variasi, (c) *Umpun balik* atawa respon ti murid, (d) Kasempetan respon murid nu aktif, jeung (e) Kasempetan murid pikeun nyaluyukeun pancén gawéna. Sedengkeun faktor ekstirinsikna nya éta ayana panghargaan lingkungan diajar nu kondusif, sarta kagiatan diajar nu matak kataji. Motivasi ekstirinsik eusina nya éta (a) Nyaluyukeun pancen jeung minat, (b) Rencana nu sagemblengna pinuh ku variasi, (c) *Umpun balik* atawa respon ti murid, (d) Kasempetan respon murid nu aktif, (e) Kasempetan murid pikeun nyaluyukeun pancén gawéna, jeung (f) Ayana kagiatan nu matak kataji dina diajar. Tapi kudu diinget ka dua faktor éta disababkeun ku rangsangan nu tangtu, ku kituna hiji jalma boga kahayang pikeun ngalakukeun aktivitas diajar nu leuwih rajin jeung sumanget. Unggal murid béda-béda kabutuhan diajarna. Aya murid nu boga motivasi diajarna luhur, aya ogé nu handap. Murid boga nu motivasi diajarna luhur lamun kahayang pikeun sukses bener-bener asalna ti diri sorangan. Murid nu boga motivasi handap sabab teu boga rasa sieun gagal dina diajar sarta teu bener-bener hayang sukses dina diajarna. Hal éta boga peranan gédé dina kabersihan hiji jalma dina diajar.

Diajar mangrupa proses parobahan paripolah ku ayana pangalaman jeung latihan. Hartina, tujuan kagiatan diajar nya éta parobahan paripolah, boh nu aya hubunganana jeung élmu pangaweruh, katerampilan atawa sikep; anapon nyangking kana sakabéh aspék organisme atawa pribadi. Diajar téh ayana interaksi antara guru jeung murid salaku subyék nu narima pangaweruh.

Basa Sunda mangrupa mata pelajaran nu diwajibkeun ku pamarentah pikeun diajarkeun di sakola ti mimiti tingkatan handap nepi ka tingkatan menengah hartina ti Sekolah Dasar (SD), Sekolah Menengah Pertama (SMP), jeung Sekolah Menengah Umum (SMU) nu aya di Jawa Barat. Dina diajar basa Sunda teu sakabéh murid nu resep kana mata pelajaran éta sabab teu boga rasa kareueus, rasa mikacinta, rasa sumanget pikeun diajar basa Sunda hal éta téh biasana kapangaruhan ku faktor lingkungan, boh lingkungan kulawarga boh lingkungan sakola atawa lingkungan masarakat nu sapopoé nyarita jarang maké basa Sunda, hal ieu tangtuna mangaruhan murid sakola kana motivasi diajar basa Sunda. Sabenerna guru mata pelajaran basa Sunda geus sadar yén peranan basa Sunda sabagé basa daerah dina waktu ayeuna jauh pisan kurangna saumpama dibandingkeun jeung mata pelajaran nu séjén misalna waé basa Indonesia nu 6 jam jauh dibandingkeun jeung basa daerah nu ngan 2 jam. Ieu téh salah sahiji tugas beurat nu jadi guru nya éta pikeun ngahudangkeun motivasi ti sakabéh murid sangkan mikareueus ka basa sorangan nya éta basa Sunda sabagé basa daerah. Sabab geus jadi bagéan tina kabutuhan murid dina diajar basa Sunda. Saumpamana geus aya rasa kana basa Sunda tangtu bakal ngadatangkeun motivasi diajar nu ningkatkeun préstasi diajar dina mata pelajaran basa Sunda. Sakumaha nu diterangkeun di luhur motivasi datangna ti diri sorangan tapi datangna sabab aya rangsangan atawa dorongan ku ayana unsur séjén dina hal ieu nya éta “tujuan”, tujuan hayang berhasil dina diajar, atawa tujuan pikeun ningkatkeun préstasi diajar. Préstasi murid nu nyugemakeun teu bisa sagampangna dihontal ku murid hal éta gumantung

kana peranan guru salaku pangajar kumaha ngahudangkeun motivasi didirina murid. Dina nangtukeun hasil diajar atawa préstasi diajar, motivasi murid mangrupa salah sahiji patokan berhasil atawa henteuna proses diajar. Ku kituna motivasi murid nu baris dijadikeun bahan dina panalungtikan.

Dumasar kana katerangan di luhur, panalungtikan “Korélasi antara Motivasi jeung Préstasi Diajar Basa Sunda Murid di Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung”. Perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Murid SMA tétéla kurang miboga motivasi pikeun diajar, hususna dina mata pelajaran basa Sunda, hal ieu téh dilantarankeun ku proses diajar nu henteu bisa ngadatangkeun rasa resep murid kana mata pelajaran nu diajarkeun ku guru, guru kurang méré panitén kana pangajaran basa Sunda. Dina ngajarkeun basa Sunda lolobana guru ngan museurkeun kagiatana kana nepikeun teorina wungkul bari teu malire aya henteuna motivasi murid dina diajar basa Sunda. Ku ayana hal ieu, guru téh siga ngan ukur nyumponan tungtutan kurikulum wungkul bari teu dibarengan ku tujuan utama, nya éta sakabéh murid kudu boga motivasi kana mata pelajaran basa Sunda.

Sangkan panalungtikan leuwih museur kana masalah nu ditalungtik, panalungtikan téh museur kana (a) Motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda, (b) Préstasi diajar basa Sunda, jeung (c) Korélasi antara motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda jeung préstasi diajar basa Sunda murid kelas X SMA Pasunda 8 Bandung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu dipedar saméméhna, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya saperti di handap.

- a. Kumaha motivasi murid SMA Pasundan 8 Bandung dina diajar basa Sunda?
- b. Kumaha préstasi diajar murid SMA Pasundan 8 Bandung dina diajar basa Sunda ?
- c. Naha aya korélasi anu signifikan antara motivasi murid jeung préstasina dina diajar basa Sunda di SMA Pasundan 8 Bandung ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sacara husus, tujuan dina ieu panalungtikan nya éta sabagé tarékah dina mikanyaho sakumaha motivasi jeung préstasi murid dina diajar basa Sunda di sakola.

Tujuan husus dina ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngadéskripsikeun:

- a. Motivasi murid SMA Pasundan 8 Bandung dina diajar basa Sunda,
- b. Prestasi diajar murid SMA Pasundan 8 Bandung dina diajar basa Sunda, sarta
- c. Korélasi antara motivasi murid SMA Pasundan 8 Bandung dina diajar basa Sunda jeung préstasina dina diajar basa Sunda.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa meunangkeun sababaraha mangpaat pikeun unggal pihak boh sacara teoritis boh sacara praktis.

Sacara teoritis ieu panalungtikan teh dipiharep bisa méré sumbangsih ka sakabeh pihak nu aya hubungana jeung dunya pendidikan, hususna ka dinas lembaga pendidikan supaya leuwih bisa nangtukeun kawijakan-kawijakanana ngeunaan bahan pangajaran nu rék dipaké ku guru. Sarta leuwih profesional dina ngalatih calon guru

saluyu jeung standar nu ditetepkeun ku pamarentah. Di dieu leuwih husus kana widang studi basa sunda.

Sacara praktis ieu panalungtikan téh dipiharep miboga mangpaat pikeun ;

- a. Panalungtik, ieu panalungtikan téh sangkan bisa nambahan pangaweruh sarta mikanyaho pentingna motivasi murid dina proses diajar ngajar (PBM).
- b. Murid, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngadatangkeun motivasi dina dirina sorangan nya éta mikareueus jeung mikacinta kana basa Sunda salaku basa sorangan.
- c. Guru, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré informasi ngeunaan ngadatangkeun motivasi murid nu bakal ningkatkeun préstasi dina diajar basa Sunda di sakola.

1.5 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap;

- a. Motivasi mangrupa hal nu penting dina proses diajar ngajar (PBM) di SMA.
- b. Unggal pribadi jalma miboga motivasi kana hiji hal atawa kagiatan, boh positif boh negatif contona kana mata pelajaran basa Sunda aya nu positif aya nu negatif, boh alus boh goreng.
- c. Unggal pribadi jalma bisa robah prestasina ku cara bisa ngondisikeun diajar.
- d. Motivasi kana mata pelajaran basa Sunda jeung préstasi basa Sunda bisa diukur.

1.6 Hipotésis

Hipotésis dina ieu panalungtikan téh nya éta hipotesis kerja nu diukur (H_a) :

$P > 0$. “Ayana korélasi antara motivasi jeung préstasi diajar basa Sunda murid di kelas X.3 SMA Pasundan 8 Bandung”.

1.7 Méthode jeung Tehnik Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode *déskriptif korélasional*. Méthode *déskriptif* tujuanna nya éta pikeun mariksa (ngadéskripsikeun) nya éta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi anu tangtu. (Suyatna,2002:14). Méthode korélasional nya éta studi nu nalungtik hubungan dua variabel atawa leuwih, utamana ngukur variasi dina hiji variabel tumali jeung variasi dina variabel séjén.

Nu dikorélasikeun dina ieu panalungtikan nya éta (a) motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda, (b) préstasi diajar basa Sunda, sarta (c) korélasi antara motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda jeung préstasi diajar basa Sunda murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung.

